QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ
BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, 0 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 222-98-30
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

«01» Апрель 2021-жыл

01-01/05-1586 санлы

**Нөкис қалалық халық билимлендириў**
**баслығы П.Ақназаровқа**

## Усыные хаты

Нөкис калалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 50-санлы улыўма орта билим бериў мектеби жәмәәти ҳәзирги күнде саламат орталығы бузылған, тынышсыз мектеплер қатарынан орын алып келгенликтен оқыў орны 2021-жылы 19-март күни министрлик хызметкерлери тәрепинен үйренилгенде төмендегилер анықланған:

мектеп директоры Э.Палўанова өзиниң алдыңғы кемшиликлеринен яғыный, 2020-жылы 16-июнь күнги Қарақалпақстан мийнет министрлиги тәрепинен ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекстиң 49-статьясы менен базалық есаплаў муғдарның 5 еселеси муғдарында жәриймаға тартылғанлығы, Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў министрлиги тәрепинен 2020-жылы 18-декабрь сәнесинде 67-ИЖ санлы буйрығы менен берилген интизамый "СӨГИС" жазасын алганлығынан тийисли жуўмақ шығармаған ҳалда мектепти өз ҳалына таслап қойылған;

яғный, усы күни азанғы ўақытта мектепте мектеп админстрациясынан бирде бир хызметкер (мектеп директоры Э.Палўанова, директордың оқыў ислери бойынша орынбасары П.Палўанова, директордың руўхыйлық ислер бойынша орынбасары Э.Мамбетова, мектеп психологи Х.Пирназарова, жаслар жетекшиси В.Мамажановалар) жумыс орнында болмады;

Мектеп қадағалаўсыз қалдырылғанлығы себепли, 13 класстан 4 классында сабақлардың өтилиўи үзилиске түсти (2-б класс басшысы Э.Палуанова, 8-а класс басшысы Н.Сапарниязова, 1- а класс басшысы Ж.Омарова ҳәм 3-а класс басшысы А.Ауезовалар);

Мектептеги бул жағдайды жүдә ашынарлы ҳал деп қабыл етип, өзиңиздиң кеңейтирилген мәжилисиңизде көрип шыққан халда мектеп админстрациясына ҳәм тийисли хызметкерлерине қатаң интизамый шара жазасын қолланыўыңызды, исленген жумыслардың нәтийжеси бойынша 2021-жыл 06-апрель сәнесинен кешиктирместен министрликке жазба мағлыўмат киритиўиңизди соранаман.

**Министр** **Р.Реимов**

Таярлаған: И.Айтназаров
тел: 905760786

**Қарақалпақстан Республикасы**
**халық билимлендириў министри**
**Р.М.Реимовқа**

**Билдириў хаты**

Нөкис калалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 50-санлы улыўма орта билим бериў мектеби жәмәәти ҳәзирги күнде саламат орталығы бузылған, тынышсыз мектеплер қатарынан орын алып келгенликтен оқыў орны 2021-жылы 19-март күни үйренилгенде төмендегилер анықланды:

***- мектеп директоры Э.Палўанова*** өзиниң алдынғы кемшиликлеринен яғыный, 2020-жылы 16-июнь күнги Қарақалпақстан мийнет министрлиги тәрепинен хәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекстиң 49-статьясы менен базалық есаплаў муғдарының 5 есеси муғдарында жәриймаға тартылғанлығы, Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў министрлиги тәрепинен 2020-жылы 18-декабрь сәнесинде 67-ИЖ санлы буйрығы менен берилген интизамый «СӨГИС» жазасы алғанлығынан жуўмақ шығармастан мектепти өз ҳалына таслап қойылған;

яғыный, усы күни азанғы ўақытта мектепте мектеп админстрациясынан бирде бир хызметкер ***(мектеп директоры Э.Палўанова, директордын оқыў ислери бойынша орынбасары П.Палўанова, директордың руўхыйлық servicer бойынша орынбасары Э.Мамбетова, мектеп психологи Х.Пирназарова, жаслар жетекшиси В.Мамажановалар)*** жумыс орнында болмады;

- мектеп қадағалаўсыз қалдырылғанлығы себепли, 13 класстан 4 классында сабақлардың өтилиўи үзилиске түсти ***(2-б класс басшысы Э.Палуанова, 8-а класс басшысы Н.Сапарниязова, 1- а класс басшысы Ж.Омарова ҳәм 3-а класс басшысы А.Ауезовалар);***

Түсиник хатлары қоса тигиледи.

Мектептеги бул жағдайды ашынарлы жағдай деп қабыл етип, мектеп админстрациясына ҳәм тийисли хызметкерлерине қатаң интизамый шара жазасын қолланыўыңызды соранаман.

Атқарыўшылық тәртиби ҳәм мүрәжатлар менен ислесиў бөлими баслығы — Қ.Бекбаулиев

Қарақалпақстан
Республикасы
Билимлендириў
Министри
Р. Реймовқа
50санлы мектеп
директоры
Э. Палуановадан.

# Түсиник хат

Беремен, усы түсиник хатымды
себеби бүгин 19 март 2021 ж
күни мектебимизде администрацияға
жумысқа кешигип келгенимниң
себеби жақтылы себеплер болған,
шахсий семьялық жағдайлар шатақ
қалды. Ендиги жағында бундай
жағдайлар қайталанбайды.

19.03.21 ж.
Палуанова Э.И.

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
NUKUS ShAHAR XALQ
TA'LIMI BO'LIMI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
NÓKIS QALALÍQ XALÍQ
BILIMLENDIRIW BÓLIMI

Nukus sh. 230100, Ch.Abdirov k. 2
Tel/fax: 0 (361) 226-15-11

E-mail: nukus_shxtb@xtv.uz

Nókis q. 230100, Sh.Abdirov k. 2
Tel/fax: 0 (361) 226-15-11

«19» - 03 2021-жыл

№ 01-01/6-796

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Халық билимлендириў**
**министрлигине**

Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими Сизге, бөлимге қараслы 50-санлы улыўма билим бериў мектебине 2021-жыл 19-март күни министрликтиң хызметкери Қ.Бекбаулиев тәрепинен қадағаланыўы барысында мектеп ҳәкимшилиги ҳәм муғаллимлери өз жумысларына немқурайлық пенен қарап бириши сабақларға 4 муғаллимниң кешигип келгенлиги, мектеп ҳәкимшилиги жумыс орынларында болмағанлы себепли, биринши сабақ қадағалаўға алынбағанлығы анықланған. Бул бойынша мектеп ҳәкимшилиги ҳәм муғалимлердиң түсиник хатлары алынды.

*Қосымша 8 беттен ибарат*

Нөкис қалалық ХББ баслығы орынбасары Б.Караматдинов

Таярлаған: А.Бердишев
Тел: 0 (861) 226-15-11

Жекке бағаның ХББ
басшысы П. Ақназарова,
мен 50-санлы улыўма орта
билим бериў мектеби оқыў
ислери бойынша директор
орынбасары П. Пайзановадан

## Түсиник хат

Берemен мен түсиник хатты, Себеби 2021-жылдың 19-март күни 1-саат класс саатын бойынша байланыслы, халық билимлендириў бөлимине барып март айы ушын мектептиң тарификациясына бас бухгалтер менен жонотмаға қол қойдырыў, мектепке 2-саатқа үлгерип келиўим ушын кеткен едим. Мектептиң руўхыйлық ислери бойынша директор орынбасары А. Палибекова ескертиў қойды. Жумысқа саат 9⁰⁰-да келдим. Енди бундай кемшилик қайталанбайды.

Қолы: П. Пайзанова

19.03.2021-жыл

Нөкис қаласының халық билимлендириў бөлими баслығы П. Ақназаровқа, мен 50-санлы улыўма орта билим бериў мектеби руўхый ағартыўшылық ислери бойынша директор орынбасары Э. Мамбетовадан

# Түсиник хат

Усы түсиник хатым арқалы мағлум етип билдиремен, себеби 2021-жылдың 19-март күни жумысқа 8:42 минут өткенде кешигип келдим. Себеби жумысыма келетуғын еки маршрут толып өтип кетти. Болмаса ерте шығып едим. Енди бундай кешикшилик қайталанбайды.

Қолы: Э. Мамбетова.
19-март 2021 жыл.

Nókis qalalıq XBB baslıǵı
P. Aqnazarovqa
Men 50-mektep
psixologı H. Pirniyazova
dan

# Túsinik xat.

Beremen usı túsinik xattı sebebi 19.03.2021 jılı jumısqa $9^{40}$ ta keldim. Sebebi semyalıq jaǵdaylarǵa baylanıslı keshigip qaldım. Qátemdi moyınlayman. Endigi jaǵında qaytalanbaydı.

Usı túsinik xattı óz qolım menen jazdım.

19.03.2021

[illegible signature]

Нөкис қалалық
ХББ басшысы
П. Акназаровқа
мен 50-санлы улыўма
билим бериў мектеби
жаслар жетекшиси
Маматсанова Венерадан

# Түсиник хат

Беремен усы түсиник хатты себеби, 19.03.2020-жылы жумысқа 9:00де келдим себеби жолда шығартыратуғын фото документлерим бар еди соны шығартырдым. Енди жумысқа өз ўақтында келиўге харекет етемен. Усы түсиник хатты өз қолым менен дурыс жаздым.

Маматсанова В. 19.03.2021 ж

Нөкис қалалық ХББ не
қарасլы 50-санлы мектеп
директоры Э. Палуановаға
мен. Э. Пирназарова 2 „Б" класс
басшысы.

# Түсиник хат

Усы түсиник хат арқалы сизге мен 2„Б" класс басшысы Э. Пирназарова 19-март 2021 жыл сәнеси күни 2 „Б" класста ~~2-Б класста~~ 1 саатқа кешигип келдим. Мен усы биринши саатыма 68-маршрут тың аташ базар қасында өшип қалғанлығы себепли 1-саатқа 12-минут кеш жетип келдим. Бундай жағдай енди қайталанбайтуғынлығын мәлим етип билдиремен.

2-Б класс басшысы: Э. Пирназарова [подпись]

19.03.2021 ж.

Nökis qalalıq XXBna
qaraslı 50-sanlı
mektep derektorı
E Palwanovağa
men 8 a klass basshısı
N. Saparniyazovadan

Túsinik xat.

Usı Túsinik xatttıń sebebi men
Saparniyazova Nargiza 8 a klass
basshısı bolıp isleymen men búgin
8 30 da baslanıw kerek bolğan
sabaqqa 8 40 da keldim sebebi
azanda marshrutqa ulgere almağım
sebepli hám jas qızımdı baqshağa
alıp barıp qoyğanım sebepli
keshigip qaldım.

Qáte kemshiligimdi moyınına alaman
endi basqa qaytalanbawğa
wáde berem.

8 a klass basshısı 19.03.2021.
Saparniyazova Nargiza [signature]

Нөкис қалалық ХББ не
қараслы 50-санлы мектеп
директоры Э. Палуановаға
мен, 1а-класс басшысы
Ж. Омаровадан

# Түсиник хат.

Усы түсиник хат арқалы, Сизге мен 1а класс басшысы Ж. Омарова 19-март 2021 сәнеси күни 1а класта 1 саатым бар еди. Мен усы биринши саатыма 68-маршруд азаш базар жанында өшип қалғанлығы себепли 1 саатқа 12 минут кеш жетип келдим. Бундай жағдай енди қайталанбайтуғынлығын мәлим етип билдиремен.

1а-класс басшысы Ж. Омарова [signature]

19.03.2021 ж.

Нөкис қаласындағы ХББ-ның қарасы 50-санлы мектеп директоры Г. Палуановаға
Мен 3ª класс басшысы Ауезова Гулшайрадан

# Түсиник хат.

Усы түсиник хат арқалы Сизге мен 3ª класс басшысы Ауезова Гулшайра 19 март 2021 сәнеси күни 3ª класта 1-ши сабағына 10 минут кешигип қалдым. Себеби орақ бойна поселкасынан машина табылмай иркилип қалдым. Бундай жағдай енди қайталанбайтуғынлығын мәлим етип билдиремен.

3ª класс басшысы Г. Ауезова [signature]

19. 03. 2021 жыл

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI
Нукус ш. А.Досназаров к. № 62 уй,
тел: (8-361), 222-24-37, факс: 222-98-30,
E-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz
http://kkedu.uz

**BUYRUQ**

QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASİ
XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ
Нөкис қ. А.Досназаров к. №62 үй,
Тел: (8-361) 222-24-37, факс: 222-98-30,
E-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz
http://kkedu.uz

**BUYRIQ**

№ 67-иж «18» декабрь 2020 jil

**Интизамый шара қолланыў ҳаққында**

| | | |
|---|---|---|
| **Палуанова Элмира Ильясовна** | - | Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 50-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директорының хызмет бабында жиберген қәте-кемшиликлери ушын Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 181-статьясының 1-бәнти тийкарында **"СӨГИС"** берилсин. |

Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими баслығы П.Акназаровқа;

Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў, буйрықтың көширмеси менен таныстырыў, бир данасын қолына бериў тапсырылсын.

**Тийкары:** Нөкис қаласы прокуратурасының 2020-жыл 26-ноябрьдеги интизамый жуўапкерлик ҳаққындағы қарары ҳәм Э.Палуанованың түсиник хаты.

**Министр** **А.Аяпов**